

Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè!

Dat: 28 septanm 2023

Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou envite w patisipe avèk nou nan yonn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo k ap gen pou fèt sou admisyon nan lekòl segondè nan Vil nouyòk! Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen elèv nan 8yèm ane (ansanm ak fanmi elèv ki nan 9yèm ane pou premye fwa ki enterese) nou ankouraje yo patisipe.

Pandan sesyon sa yo, w ap aprannn kòman pou eksplor lekòl segondè yo ak kreye yon aplikasyon ki balanse, kòman pou enskri pou egzamen Specialized High Schools Admissions Test (SHSAT), kòman pou fè odisyon pou pwogram art , paegzanp nan LaGuardia High School, ak kòman yo fè òf yo. Aprè chak prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen. Aplikasyon lekòl segondè a ak enskripsyon pou SHSAT ap ouvri madi 3 oktòb .

DAT KI FIKSE YO:

- **Mèkredi 4 oktòb (6pm–7pm) - Lekòl segondè espesyalize ki bay egzamen:** Kòman pou enskri pou pran egzamen SHSAT ak kòman lekòl sa yo fè òf. Entèpretasyon disponib an chinwa (kantonè), kreyòl ayisyen, panyòl ak American Sign Language (ASL).
- **Mèkredi 11 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè:** Yon rezime pwosesis admisyon an, depi kòman pou ale nan kont MySchools ou pou rive nan meyè estrateji pou ranpli aplikasyon an. Entèpretasyon disponib nan lang bangala, Panyòl, oudou ak ASL
- **Vandredi 13 oktòb (3pm–4pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè:** Entèprètasyon disponib nan, Chinwa (Mandaren), Kreyòl ayisyen, ris ak ASL.
- **Mèkredi 19 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè, an panyòl**
- **Madi 24 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè, an chinwa (mandaren):**
- **Jedi 26 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè:** Entèpretasyon disponib an arab, fransè, koreyen ak ASL.

KÒMAN POU PATISIPE NAN NENPÒT SESYON:

- Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè w klike <https://bit.ly/2023FallHSEvents> nan kòmansman chak aktivite
- Id Webinar: 971 5924 2580, Passcode 123456 oswa
 - rele nou nan + 1 646 558 8656
 - Liy konferans: 97159242580#
 - Modpas: 123456#

N ap tann pou w patisipe avèk nou nan aktivite nou yo epi nou ankouraje w rete branche,
<schools.nyc.gov/HS>.

Nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,
Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan <schools.nyc.gov/SignUp>. Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa pwochen mesaj sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).